

Date Printed: 04/20/2009


JTS Box Number: IFES_64
Tab Number: 105
Document Title: Nouvo Kat Elektoral la
Document Date: 1999
Document Country: Haiti
Document Language: Creole
IFES ID: CE00824



* 8 1 7 1 7 8 4 F - E 8 5 5 - 4 F D A - 8 A C 1 - B 3 9 0 A 7 3 2 D 1 7 4 *

NOUVO

KAT ELEKTORAL LA

	REPUBLIK DAYITI KONSEY ELEKTORAL	
	Siyati	PIERRE-ALEXIS
	Non	DOMINIQUE
Lè ou te fèl oubyen laj	20	Gason <input type="checkbox"/> Fanm <input checked="" type="checkbox"/>
Pyès prezant:	Acte de naissance	
Kote ou rete	Rezencourt # 24A	

kesyon
ak Repons

POU KI SA NOU DWE GEN YON NOUVO KAT ELEKTORAL ?

Pou yon sitwayen kapab vote nan eleksyon, fòk li gen kat elektoral li.

Epitou, lè kat la gen foto mèt li sou li, sa pèmèt yo idantifye moun nan pi byen jou eleksyon an epi moun vin gen plis konfyans nan eleksyon an paske pap gen posiblite pou magouyè vann kat elektoral oswa fè fo kat.

Zafè foto sou kat elektoral la se youn nan pi gwo demann pati politik yo ak kandida yo te fè.

KI LÈS KI PRAL FÈ KAT SA A POU POPILASYON AN?

Tankou sa te konn fèt deja , se manm Biwo Enskripsyon yo ki pral fè kat pou moun yo. Manm biwo sa yo se KEP la ki chwazi yo. Lè w rive nan biwo a, manm yo ap resewa w. Y ap fin idantifye w, apre sa y ap fè foto w, y ap tou devlope foto a devan w, y ap kole l sou kat la epi y ap ekri non w ak siyati w, laj ou (dat ou fèt), adrès kay ou. Y ap siyen kat la, y ap plastike l epi y ap remèt ou kat ou.

ÈSKE KAT SA A DIJITALIZE?

Non. Kat sa a pa menm jan ditou ak sa Kontribisyon bay yo. Se yon kat byen senp ki ekri alamen epi yo kole foto w sou li, yo ekri non w, yo plastike l ak yon aparèy ki pa itilize chalè. Kon sa pou yo fè kat elektoral la yo pa bezwen:

- ni chalè
- ni kouran,
- ni konmpitè.

ÈSKE MOUN KI RETE LWEN NAN MÒN YO AP KAB FÈ KAT LA?

Wi. Men poukisa? Tout sitwayen ki kapab vote gen dwa pou l jwenn kat elektoral li. Konsèy elektoral pwovizwa a ap fè tout sa l kapab pou pèmèt tout sitwayen ki vle fè kat la jwenn li. Tout moun gen menm dwa, yo pap mete pèsonn sou kote. Se pou sa, ap gen biwo enskripsyon nan tout ti kwen sa vle di : nan vil, nan bouk, nan katye, nan seksyon kominal, eks... Konsèy la pap mete pèsonn sou kote.

E SI KAMERA K AP PRAN FOTO A GEN PWOBLEM ?

Konsèy la prewa sa tou, se pou sa y ap mache ak yon valè kamera anplis pou sizanka.

Sa ki enpòtan pou KEP la, se fè tout sitwayen nan peyi a ki kapab vote jwenn kat elektoral yo AVÈK foto.

ÈSKE Y AP KAB BAY 4 MILYON KAT NAN 30 JOU?

Men wi ,KEP la ap mete tout mwayen nesesè pou sa:

- Materyèl enskripsyon yo ap nan tout BEK yo ak Biwo enskripsyon yo.
- KEP la ap anplwaye 14 mil moun ki pou al travay nan 3 mil 500 biwo enskripsyon k ap gaye nan tout peyi a .
- Biwo enskripsyon yo dwe travay depi 6è nan maten jis 6è nan aswè pandan tout 30 jou a. Se sa atik 24 lwa elektoral la di.

Lwa a prevwa tou KEP la kapab lonje peryòd enskripsyon an si l wè anpil moun pa gen tan al fè kat elektoral yo.

ÈSKE YO TE KONN FÈ KAT ELEKTORAL AK FOTO DEJA?

Ann Ayiti, non. Nan lòt peyi, wi, men kèk e g z a n p :

- Nan peyi Kanbòdj , ane pase la a, 1998, yo fè 4 milyon 500 mil kat elektoral ak foto nan 28 jou nan 2 mil biwo .
- Nan lane 1997, nan peyi Gana, ann Afrik, yo bay 10 milyon kat elektoral nan 14 jou.
- Ann Afrik di sid, nan lane 1999 la, yo bay 18 milyon menm kat elektoral ak foto sa yo nan 9 jou.

E SI M PA FÈ KAT LA?

Ou lib pou w chwazi sa w vle fè. Men a: sa pou ou konnen, si w pa gen kat sa

- Ou pap kab vote nan eleksyon.
- W ap rate yon bèl okazyon pou ou te tou gen yon pyès pou idantifye w kòmsadwa.

ÈSKE M GEN PAPYE POU M POTE LÈ M PRAL FÈ KAT LA?

Se pou ou pote yon pyès idantite, menm jan w te konn fè l lontan an (li gen dwa batistè w, kat idantite kontribisyon an, lisans chofè oswa paspò w).

Si w pa ta gen youn nan pyès sa yo ditou, fè 2 moun ki deja fè kat yo nan menm biwo sa a ki konnen w byen akonpaye w pou al sèvi w temwen.

KI KOTE M KAB FÈ KAT MWEN AN?

Chache konn ki biwo enskripsyon ki pi pre kay ou paske jou eleksyon an se nan menm biwo sa a ou pral vote. Si w pa fè sa, ou pap kab patisipe nan chwazi moun ki pral dirije seksyon w lan oswa katye w la. L ap fasil pou w rekonèt biwo enskripsyon yo paske yo chak ap gen yon drapo blan devan yo. Drapo sa a se siy KEP la.

KAT IDANTITE ELEKTORAL	
No : 11 000-001	
Biwo	11505 - 01 - 02
Depatman	Komin
OUEST	KENSCOFF
Seksyon	2 ^e section BONGARS
Katye ou Abilasyon	Dat enskripsyon
REZENCOURT	6-10-99
Siyati Prezidan	Siyati Sekretè
Yes	Oben



Konsèy Elektoral Pwovizwa